




LOJMAN JIS

Tout Moun Gen Menm Opòtinite



**US Department of Housing and Urban Development
(Depatman Lojman Ak Devlopman Iben Ameriken)**
Office of Fair Housing and Equal Opportunity
(Biwo Lojman Jis ak Opòtinite Egal Ego)



Tanpri vizite sitwèb nou nan adrès: www.hud.gov/fairhousing
Haitian Creole Version



LOJMAN JIS - TOUT MOUN GEN MENM OPÒTINITE

Nan tout sans, Etazini reprezante menm opòtinite pou tout moun. Divèsite richès ki kay chak sitwayen li yo ak espri inite ki mare nou ansanm nan se senbòl prensip libète ak lajistis sa yo ki te fonde nasyon sa a. Se poutèt sa li deranje nou anpil lè yo refize bay nouvo imigran, minorite, fanmi ak timoun, ak moun ki gen andikap kay yo ta renmen viv la akòz diskriminasyon ilegal.

Department of Housing and Urban Development (HUD) (Depatman Lojman ak Devlopman Iben ap mete Lwa Lojman Jis la an aplikasyon. Lwa sa a entèdi yo fè diskriminasyon ak entimide moun nan kay yo, batiman apatman yo, ak devlopman apatman an kopwopriyete - nan prèske tout tranzaksyon pou kay, tankou pou lwe ak achte yon kay ak jwenn kredi pou achte yon kay.

Bay tout moun menm opòtinite pou lwe ak achte kay se ide fondamantal prensip lojman federal nasyon sa a. Moun ki refize oswa lwe kay bay moun akòz ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, si yo se fanm oswa gason, oswa si yo gen yon andikap, ap vyole lwa federal, epi HUD ap pouswiv yo devan lajistis ak fòs.

Diskriminasyon nan lojman pa sèlman ilegal, li kontredi nan tout sans prensip libète ak opòtinite nou bay anpil valè kòm ameriken. HUD pran angajman pou garanti yo trete tout moun egal ego lè y ap chèche yon kote pou rele lakay.

SA KI ANNDAN

Fair Housing Act (Lwa Lojman Jis)	1
Ki Lojman Ki Kouvri?.....	1
Kisa Ki Entèdi?.....	1
Plis Pwoteksyon Si Ou Gen Yon Andikap.....	3
Pwoteksyon Nan Lojman Pou Fanmi ak Timoun.....	4
Si Ou Panse Yo Te Vyole Dwa Ou.....	6
Sa K Ap Pase Lè Ou Depoze Yon Plent?.....	9
Kisa K Ap Pase Si Yo Pral Mete Mwen Deyò Nan Kay La Oswa Vann Li?.....	11
Sa K Ap Pase Apre Yon Ankèt Pou Yon Plent?.....	11
An Plis.....	13



LOJMAN JIS Tout Moun Gen Menm Opòtinite

FAIR HOUSING ACT (LWA LOJMAN JIS)

Lwa Lojman Jis la entèdi diskriminasyon nan lojman pou:

- Ras ou koulè
- Orijin Nasyonal
- Relijyon
- Si moun nan fanm oswa gason
- Sitiyasyon famiyal (tankou timoun ki poko gen 18 an k ap viv ak fanmi yo oswa responsab legal yo; fanm ansent ak timoun k ap chèche gen gad timoun ki pi piti pase 18 an)
- Andikap

KI LOJMAN KI KOUVRI?

Lwa Lojman Jis la kouvri pifò lojman. Nan kèk sikonstans, batiman pwopriyete a rete ladan epi pa gen plis pase kat apatman, kay pou yon sèl fanmi yo vann oswa lwe san yon koutye ak kay se òganizasyon oswa klèb prive k ap opere yo ki kite sèlman manm yo viv ladan pa oblije konfòme ak Lwa sa a.

KISA KI ENTÈDI?

Lè y ap Vann ou Lwe Yon Kay: Pèsonn moun pa gen dwa fè okenn nan bagay sa yo akòz ras, koulè, relijyon, si moun nan se yon fanm oswa gason, gen yon andikap, sitiyasyon famiyal , oswa orijin nasyonal li:

- Refize lwe oubyen vann yon kay
- Refize negosye pri yon kay
- Pa mete kay la disponib
- Refize bay yon kay pou yon lòt rezon
- Mete diferan kondisyon oswa privilèj pou vann oswa lwe yon kay
- Bay diferan sèvis oswa avantaj nan yon lojman
- Di yon kay pa disponib pou enspeksyon, vann, oswa lwe lè se pa vre

- Deklare yon ras moun an patikilye, oswa yon lòt gwoup moun te kite, oswa gen moun vin rete nan yon zòn pou pèsyade, oswa eseye pèsyade pwopriyetè kay pou vann oswa lwe yon kay pou w ka fè benefis, oswa
- Refize nenpòt moun jwenn aksè, vin manm oswa patisipe nan nenpòt òganizasyon, avantaj oswa sèvis (tankou sèvis pou mete na plizyè lis) ki gen pou wè ak kay y ap vann oswa lwe a, oswa fè diskriminasyon kont nenpòt moun nan kondisyon pou jwenn aksè, vin manm oswa patisipe nan aktivite sa yo.

Nan Kredi Pou Kay: Pèsonn moun pa gen dwa fè okenn nan bagay sa yo akòz ras, koulè, relijyon, si moun nan se yon fanm oswa gason, gen yon andikap, sitiyasyon famiyal , oswa orijin nasyonal li:

- Refize bay yon kredi pou kay
- Refize bay enfòmasyon sou kredi
- Enpoze diferan kondisyon sou yon kredi, tankou to enterè, pwèn, oswa frè
- Fè diskriminasyon nan evalyasyon pwopriyete a
- Refize achte yon kredi oswa
- Mete diferan kondisyon pou achte yon kredi.
- An plis, se yon vyolasyon Lwa Lojman jis la pou:
- Menase, fòse, entimide oswa deranje nenpòt moun k ap egzèsè dwa pou
- Fè enprime, oswa pibliye nenpòt deklarasyon ki gen rapò ak yon kay yon moun ap vann oswa lwe, kote li mete yon preferans, limit, oswa diskriminasyon kont ras, koulè, relijyon, si moun se fanm oswa gason, sitiyasyon famiyal, oswa orijin nasyonal. Entèdiksyon kont piblisite ki fè diskriminasyon sa yo pou kay yon sèl fanmi ak kay pwopriyetè a rete ladan ki pa bezwen konfòme ak Lwa Lojman Jis la
- Refize bay pwopriyetè kay pwoteksyon asirans pou yon kay akòz ras, koulè, relijyon, si moun se fanm oswa gason, andikap, sitiyasyon famiyal, oswa orijin pwopriyetè a ak/oswa moun yo ki rete nan kay la
- Fè diskriminasyon nan kondisyon pwoteksyon asirans pou yon kay akòz ras, koulè, relijyon, si moun se fanm oswa gason, andikap, sitiyasyon famiyal, oswa orijin pwopriyetè a ak/oswa moun yo ki rete nan kay la

- Refize bay enfòmasyon sou tout chwa pwoteksyon pwopriyetè kay ki disponib akòz ras, oswa lòt faktè ki pwoteje pwopriyetè a ak oswa moun yo ki rete nan kay la
- Fè, enprime, oswa pibliye nenpòt deklarasyon ki gen rapò ak pwoteksyon asirans pwopriyetè kay, kote li mete yon preferans, limit, oswa diskriminasyon kont ras, koulè, relijyon, si moun se fanm oswa gason, sitiyasyon famiyal, oswa orijin nasyonal.

PLIS PWOTEKSYON SI OU GEN YON ANDIKAP

Si ou menm oswa yon moun ou:

- Gen yon andikap fizik oswa mantal (tankou pwoblèm pou tandè, mache ak wè, kansè, gwo maladi mantal, VIH/SIDA, oswa reta mantal) ki mete anpil limit nan youn oswa plis aktivite enpòtan nan vi li
- Gen dokiman ki montre li gen andikap sa a oswa
- Si ou genyen andikap sa a, yon moun k ap lwe oswa vann kay pa kapab:
 - Refize kite ou fè modifikasyon ki rezonab nan kay ou a oswa nan espas tout moun itilize yo, ak pwòp depans ou, si sa nesèsè pou ou itilize kay ou a konplètman. (Kote li rezonab, yon pwopriyetè kapab kite ou fè chanjman sèlman si ou dakò pou ou re-mete pwopriyete a nan kondisyon li te ye avan an lè ou demenaje.)
 - Refize fè akomodasyon ki rezonab nan règ, prensip, pratik oswa sèvis yo si li kapab nesèsè pou ou itilize kay la menm jan ak moun ki pa andikape.

Pa egzanp: Yon batiman ak règ pou pa gen bèt nan kay la dwe kite yon lokatè ki gen pwoblèm pou wè kenbe yon chen gid.

Pa egzanp: Yon apatman ki ofri lokatè yo anpil espas pakin kote chak lokatè kapab mete machin yo kote yo vle, dwe kite yon moun ki pa ka mache ki mande li rezève yon espas tou pre apatman an si li nesèsè pou garanti moun nan antre nan apatman li.

Men, Lwa Lojman Jis la pa pwoteje yon moun ki se yon menas pou sante oswa sekirite lòt moun oswa k ap pran dwòg.

Kondisyon Aksèsibilite Pou Batiman Plizyè Fanmi: Nan batiman ki genyen kat oswa plis apatman moun te rete nan yo apre 13 mas 1991 pou premye fwa, epi ki genyen yon asansè:

- Espas komen yo dwe fèt yon jan pou moun ki gen andikap kapab antre
- Tout pòt ak koulwa dwe ase gran pou moun chèn woulant kapab pase
- Chak apatman dwe genyen:
 - Yon pasaj tout moun kapab antre ak pase nan apatman an
 - Bouton limyè, priz elektrik, tèmosta ak lòt kontwòl anviwònmanal ki aksesib
 - Mi twalèt yo dwe ranfòse pou yo ka enstale manch pou sipò epi
 - Kizin ak twalèt moun ki sou chèn woulant kapab itilize.

Si yon batiman ak kat oswa plis apatman ki pa gen asansè epi moun te rete nan yo apre 13 mas 1991, nòm sa yo se sèlman pou apatman nan premye etaj yo.

Egzijan pou aksèsibilite pou nouvo batiman plizyè fanmi sa yo pa ranplase nòm aksèsibilite pi di yo egzijje sou lwa Eta ak lokal yo.

PWOTEKSYON NAN LOJMAN POU FANMI AK TIMOUN

Lwa Lojman Jis la fè li ilegal pou fè diskriminasyon kont yon moun kay li genyen youn oswa plis timoun ki anba 18 an (sitiyasyon famiyal). Pwoteksyon sitiyasyon famiyal kouvri kay ki gen youn oswa plis timoun minè k ap viv ak:

- Yon paran;
- Youn responsab legal (ak moun ki gen gad ladan) timoun minè; oswa

- Yon reprezantan yon paran oswa responsab legal, ak pèmisyon ekri paran oswa responsab legal la.

Pwoteksyon sitiyouon fanm pou fanm ansent ak nenpòt moun k ap chèche gen gad legal yon timoun minè (ak paran adoptif oswa paran fwaye dakèy) tou.

Egzanpsyon “Lojman Pou Moun Aje” a: Lwa Lojman Jis la genyen egzansyon pou kèk lojman ak kominote pou moun aje parapò ak diskriminasyon sitiyouon fanm pou fanm aje ki gen egzansyon sa a kapab refize vann oswa lwe kay bay fanmi ki gen timoun minè. Pou kalifye pou egzansyon “kay pou moun aje” a, yon lojman oswa kominote dwe bay prèv lojman an:

- Te kreye ak opere pou ede moun aje (jan li defini nan pwogram Eta ak Federal la) selon nenpòt pwogram Eta oswa Federal HUD; oswa
- Te fèt sèlman pou moun ki genyen 62 an oswa plis rete ladan; oswa
- Te fèt sèlman pou moun ki genyen 55 an oswa plis rete ladan epi se yon ki rete ladan.

Pou kalifye pou egzansyon lojman “55 an oswa plis” la, yon lojman oswa kominote dwe satisfè chak nan kondisyon sa yo:

- omwen 80 pousan nan apatman yo dwe gen omwen yon moun ki gen 55 ane oswa plis ki rete ladan; epi
- lojman oswa kominote a dwe pibliye epi respekte prensip ak pwosedi ki demontre yo gen entansyon opere tankou yon lojman pou moun ki gen “55 an oswa plis; epi
- lojman oswa kominote a dwe respekte egzijans regilatwa pou verifye laj rezidan yo..

Egzansyon “lojman pou moun aje” a pa pwoteje kay oswa kominote pou moun aje kont diskriminasyon ki baze sou ras, relijyon, si moun se fanm oswa gason, andikap, oswa orijin nasyonal.

HUD prè pou ede ak nenpòt pwoblèm pou diskriminasyon nan lojman. Si ou panse yo te vyole dwa ou, ou kapab depoze yon plent sou entènèt, ekri yon lèt oswa rele biwo HUD ki pi pre ou a nan telefòn. Ou genyen yon ane apre yo te fè diskriminasyon ou a te fèt oswa te fini pou depoze yon plent ak HUD, men ou dwe depoze li pi vit posib.

SI OU PANSE YO TE VYOLE DWA OU

Sa pou ou di HUD:

- Non ak adrès ou
- Non ak adrès moun w ap pote plent pou li a (akize a)
- Adrès ak lòt idantifikasyon kay ki enplike a
- Yon ti deskripsyon sou vyolasyon ou di yo fè a (sa yo te fè ki fè pou panse yo te vyole dwa ou)
- Dat vyolasyon ou di a te rive.

Kote pou ou Ekri ou Rele: Pou depoze yon plent sou entènèt, voye yon lèt nan biwo HUD ki pi pre ou a, oswa si ou vle, ou kapab rele biwo a dirèkteman. Moun ki soud oswa tande di epi ki itilize yon TTY kapab rele biwo sa yo nan Sèvis Relè Enfòmasyon Federal gratis la nan nimewo 1-800-877-8339.

Pou Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island ak Vermont:

BIWO REJYONAL BOSTON

(Complaints_office_01@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Thomas P. O'Neill Jr. Federal Building

10 Causeway Street, Room 321

Boston, MA 02222-1092

Telefòn (617) 994-8300 ou 1-800-827-5005

Faks (617) 565-7313 * TTY (617) 565-5453

Pou New Jersey, New York, Pòtoriko ak Il Vyèj Ameriken:

BIWO REJYONAL NEW YORK

(Complaints_office_02@hud.gov)

*U.S. Department of Housing and Urban Development
26 Federal Plaza, Room 3532
New York, NY 10278-0068
Telefòn (212) 542-7519 ou 1-800-496-4294
Faks (212) 264-9829 * TTY (212) 264-0927*

*Pou Delaware, District of Columbia, Maryland, Pennsylvania, Virginia ak
West Virginia:*

BIWO REJYONAL PHILADELPHIA
(Complaints_office_03@hud.gov)
U.S. Department of Housing and Urban Development
The Wanamaker Building
100 Penn Square East
Philadelphia, PA 19107-9344
Telefòn (215) 861-7646 ou 1-888-799-2085
Faks (215) 656-3449 * TTY (215) 656-3450

*Pou Alabama, Florida, Georgia, Kentucky, Mississippi, North Carolina,
South Carolina, ak Tennessee:*

BIWO REJYONAL ATLANTA
(Complaints_office_04@hud.gov)
U.S. Department of Housing and Urban Development
Five Points Plaza
40 Marietta Street, 16th Floor
Atlanta, GA 30303-2808
Telefòn (404) 331-5140 ou 1-800-440-8091 x2493
Faks (404) 331-1021 * TTY (404) 730-2654

Pou Illinois, Indiana, Michigan, Minnesota, ak Wisconsin:

BIWO REJYONAL CHICAGO
(Complaints_office_05@hud.gov)
U.S. Department of Housing and Urban Development
Ralph H. Metcalfe Federal Building
77 West Jackson Boulevard, Room 2101
Chicago, IL 60604-3507
Telefòn 1-800-765-9372
Faks (312) 886-2837 * TTY (312) 353-7143

Pou Arkansas, Louisiana, New Mexico, Oklahoma ak Texas:

BIWO REJYONAL FORTH WORTH

(Complaints_office_06@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

801 Cherry Street

Suite 2500, Unit #45

Fort Worth, TX 76102-6803

Telefòn (817) 978-5900 ou 1-888-560-8913

Faks (817) 978-5876/5851 * TTY (817) 978-5595

Pou Iowa, Kansas, Missouri ak Nebraska:

BIWO REJYONAL KANSAS CITY

(Complaints_office_07@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Gateway Tower II

400 State Avenue, Room 200, 4th Floor

Kansas City, KS 66101-2406

Telefòn (913) 551-6958 ou 1-800-743-5323

Faks (913) 551-6856 * TTY (913) 551-6972

Pou Colorado, Montana, North Dakota, South Dakota, Utah ak Wyoming:

BIWO REJYONAL DENVER

(Complaints_office_08@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

1670 Broadway

Denver, CO 80202-4801

Telefòn (303) 672-5437 ou 1-800-877-7353

Faks (303) 672-5026 * TTY (303) 672-5248

Pou Arizona, California, Hawaii ak Nevada:

BIWO REJYONAL SAN FRANCISCO

(Complaints_office_09@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

600 Harrison Street, Third Floor

San Francisco, CA 94107-1387

Telefòn 1-800-347-3739

Faks (415) 489-6558 * TTY (415) 489-6564

Pou Alaska, Idaho, Oregon ak Washington:

BIWO REJYONAL SEATTLE

(Complaints_office_10@hud.gov)

U.S. Department of Housing and Urban Development

Seattle Federal Office Building

909 First Avenue, Room 205

Seattle, WA 98104-1000

Telefòn (206) 220-5170 ou 1-800-877-0246

Faks (206) 220-5447 * TTY (206) 220-5185

Si ou toujou genyen kesyon apre ou fin kontakte biwo lokal ki nan zòn ou a - ou kapab kontakte HUD nan:

U.S. Department of Housing and Urban Development

Office of Fair Housing and Equal Opportunity

451 7th Street, S.W., Room 5204

Washington, DC 20410-2000

Telefòn 1-800-669-9777

Faks (202) 708-1425 * TTY 1-800-927-9275

www.hud.gov/fairhousing

Si Ou Gen Yon Andikap: HUD bay tou:

- Yon nimewo telefòn TTY pou moun ki soud oswa tande di (gade nan lis pi wo a pou biwo HUD ki pi pre ou)
- Entèprèt, Kasèt, ak materyèl ak ekriti Bray
- Asistans pou li ak ranpli fòm

SA K AP PASE LÈ OU DEPOZE YON PLENT?

HUD ap ekri ou lè yo aksepte pou depoze plen tou a sou Lwa Lojman Jis la. Epi tou HUD ap:

- Kontakte moun ou di yo fè vyolasyon an (akize a) pou mete li okouran plent ou a, epi bay li tan pou remèt yon repons ekri pou plent la.

- Fè ankèt sou plen ou a, epi deside si gen bon rezon pou kwè akize a te vyole Lwa Lojman jis la ou pa.
- Kontakte ou menm ak akize a si HUD pa ka fini ak envestigasyon an nan lespas 100 jou apre ou depoze plent la, epi bay rezon pou reta a.

Antant Pou Konsilye Nan Lwa Lojman Jis la: Pandan ankèt pou plent ou a, HUD oblije ofri ou menm ak akize a yon opòtinite pou rezoud plent ou a ak volonte nou nan sa yo rele yon Antant Pou Konsilye.

Yon Antant Pou Konsilye pran mezi pou jwenn yon solisyon pou ou, epi anpeche akize a fè diskriminasyon pi devan pou defann enterè piblik la. Lè ou menm ak akize a siyen yon Antant Pou Konsilye, epi HUD otorize Antant la, HUD ap sispann ankèt sou plent ou a. Si ou kwè akize a te vyole Antant nou an, ou dwe kontakte Biwo HUD ki te fè ankèt sou plent ou a touswit. Si HUD deside gen yon bon rezon pou ou kwè akize a te vyole Antant la, HUD ap mande Depatman Lajistis Ameriken pou pote plent pou akize a nan Tribinal Distri Federal pou fè respekte kondisyon nan Antant la.

Referans Plent Bay Ajans Lojman Jis Piblik Lokal ak Eta: Si HUD te sètifye ajans lojman jis piblik Eta ak lokal ou a mete an aplikasyon lwa dwa sivil oswa lòd ki bay moun dwa, koreksyon ak pwoteksyon “ki ekivalan anpil” ak Lwa Lojman jis la, HUD dwe voye plent ou a bay ajans sa a pou ankèt, epi li dwe kontakte ou pou fè ou konnen sa touswit. Ajans Eta oswa lokal la ap envestige plent ou a sou lwa oswa lòd dwa sivil lokal oswa Eta ki “ekivalan anpil” la. Ajans lojman jis piblik lokal ak Eta a dwe kòmanse ankèt pou plent ou a nan lespas 30 jou apre referans HUD la, oswa HUD kapab pran (“reyaktive”) plent la pou ankèt sou Lwa Lojman Jis la.

KISA K AP PASE SI YO PRAL METE MWEN DEYÒ NAN KAY LA OSWA VANN LI?

Si ou bezwen yo ede ou touswit pou sispann oswa evite yo yon gwo pwoblèm ki fèt akòz yon vyolasyon Lwa Lojman jis la, li posib pou HUD ede ou kou ou depoze plen la. HUD kapab otorize Depatman Lajistis Ameriken pou depoze yon mosyon nan Tribinal Distri a pou yon Lòd Restriktiv Tanporè (TRO) kont akize a, apre yon Enjonksyon Pwovizwa pou tann rezilta ankèt HUD la. Yon Jij Federal kapab bay yon TRO oswa Enjonksyon Pwovizyon kont akize a nan ka kote:

- Gen anpil chans ap genyen danje oswa chòk ireparab (irevèsib) san entèvansyon HUD; epi
- Genyen anpil prèv ki montre akize a te vyole Lwa Lojman Jis.

Pa egzanzp: Yon pwopriyetè dakò ou vann yon kay, men, apre li dekouvri moun yo k ap achte kay la nwa, li retire kay la nan mache a, epi apre li mete li pou vann ankò. Moun k ap achte a depoze yon plent bay HUD pou diskriminasyon. HUD kapab otorize Depatman Lajistis pou mande yon enjonksyon nan Tribinal Distri Federal pou anpeche mèt kay la vann kay la jiskaske HUD fè ankèt sou plent la.

SA K AP PASE APRE YON ANKÈT POU YON PLENT?

Detèminasyon Pou Bon Rezon, Akizasyon Pou Diskriminasyon, ak Eleksyon: Lè ankèt pou plent ou a fini, HUD ap prepare yon Rapò Ankèt Final pou rezime prèv yo sanble pandan ankèt la. Si HUD deside gen yon bon rezon pou kwè akize a, oswa akize yo, te fè diskriminasyon kont ou, HUD ap bay akize a, oswa akize yo, yon Detèminasyon Pou Bon Rezon ak yon Akizasyon Pou Diskriminasyon. Ou menm ak moun ou akize a, oswa akize yo, gen ven (20) jou apre nou bay Akizasyon an pou deside si pou yon Jij Lwa Administratif (ALJ) HUD tande ka ou a oswa pou ou fè yon pwosè sivil nan yon Tribinal Distri Federal.

Pwosè Jij Lwa Administratif HUD: Si ni ou menm ni akize a chwazi pou fè yon pwosè sivil federal avan Peryòd Eleksyon 20 jou a pase, HUD ap pwograme yon pwosè pou prezante ka ou a devan yon ALJ HUD. Pwosè ALJ a ap fèt nan lokalite ou di diskriminasyon an te fèt la. Pandan pwosè ALJ a, ou menm ak moun ou akize, oswa moun ou akize yo, an dwa pou prezante an pèsòn, pou yon avoka reprezante yo, pou bay prèv, ak pou poze temwen kesyon ak mande sitasyon pou ede ou jwenn prèv. Avoka HUD yo ap reprezante ou pandan pwosè HUD la gratis; men ou kapab chwazi fè entèvansyon nan ka a oswa pran pwòp avoka ou tou. Nan fen pwosè an, yon ALJ HUD ap bay yon Desizyon selon prèv yo jwenn ak konklizyon lalwa. Si ALJ HUD a deside akize a, oswa akize yo, te vyole Lwa Lojman Jis la, n ap mande pou yo:

- Rekonpanse ou pou dega ki te fè, tankou lajan ou te oblije depanse nan pòch ou ak chagren emosyonèl.
- Pran mezi enjonktiv pèmanan.
- Pran mezi ekitab ki apwopriye (pa egzanp, mete kay la disponib pou ou).
- Peye frè avoka ou ki rezonab.
- Peye yon penalite bay HUD pou jistifye enterè piblik. Maksimòm penalite sivil yo se: \$16,000, pou yon premye vyolasyon lwa a; \$37,500 si te gen yon vyolasyon nan senk ane avan yo; epi \$65,000 si gen de oswa plis vyolasyon avan nan sèt ane avan yo.

Pwosè Sivil nan Tribinal Distri Federal: Si swa ou menm oswa akize a chwazi pou fè yon jijman sivil federal pou plen tou a, HUD dwe voye ka ou a nan Depatman Lajistis Ameriken pou mete an aplikasyon. Depatman Lajistis Ameriken ap depoze yon plent pou ou nan Tribinal Distri Ameriken nan distri w ap viv la pou diskriminasyon ou di ki te fèt la. Ou kapab chwazi pou fè entèvansyon nan ka a oswa pran pwòp avoka ou tou. Ou menm ak akize a gen dwa pou mande yon pwosè ak jiri, prezante an

pèsòn, pou yon avoka reprezante yo, pou bay prèv, ak pou poze temwen kesyon ak mande sitasyon pou ede ou jwenn prèv. Si Tribinal Federal la deside nan favè ou, jis oswa jiri a kapab mande akize a, oswa akize yo, pou:

- Rekonpanse ou pou dega ki te fè, tankou lajan ou te oblije depanse nan pòch ou ak chagren emosyonèl
- Pran mezi enjonktiv pèmanan.
- Pran mezi ekkitab ki apwopriye (pa egzanp, mete kay la disponib pou ou).
- Peye frè avoka ou ki rezonab.
- Peye ou pou domaj pinitiv.

Detèminasyon Okenn Bon Rezon ak Rechte Plent Ou a: Si HUD twouve pa gen okenn bon rezon pou kwè akize a, oswa akize yo te vyole Lwa a, HUD ap rechte plent ou a ak yon Detèminasyon Okenn Bon Rezon. HUD ap kontakte ou menm ak akize a, oswa akize yo, pa lapòs pou fè ou konnen yo rechte plent ou a, epi ou kapab mande yon kopi Rapò Ankèt Final la.

Rekonsiderasyon Detèminasyon Okenn Bon Rezon: Lwa Lojman Jis la pa gen okenn pwosesis kontestasyon fòmèl pou plent HUD anile. Men, si yo rechte plent ou a ak yon Detèminasyon Okenn Bon Rezon, ou kapab remèt yon demann ekri pou yon revize pou rekonsiderasyon bay: Director, FHEO Office of Enforcement, U.S. Department of Housing and Urban Development, 451 7th Street, SW, Room 5206, Washington, DC 20410-2000.

AN PLIS

Ou Kapab Pote Yon Plent Prive: Ou kapab pote yon plent prive san ou pa pote yon plent bay HUD avan. Ou kapab pote plent ou a nan lespas de (2) ane apre dat ki pi resan diskriminasyon w ap di yo fè ou a.

Si ou depoze yon plent ak HUD epi menm si HUD rechte plent ou a, Lwa Lojman Jis la ba ou dwa pou depoze yon plent sivil prive kont moun ou akize, oswa akize yo, nan yon Tribinal Distri

Federal. Tan HUD pase pou trete demann ou a pa konte nan peryòd 2 ane w ap depoze plent la. Ou dwe depoze plent sa a ak pwòp depans ou; men si ou pa gen mwayen pou peye yon avoka, Tribinal la kapab nome youn pou reprezante ou.

Menm si HUD toujou ap trete plent ou a, ou kapab depoze yon plent sivil prive kont akize a, amwenske (1) ou te deja siyen yon Antant Konsilayson HUD pou rezoud plent HUD ou a; oswa (2) yon Jij Lwa Administratif HUD te kòmanse yon Jijman Administratif pou plent ou a.

Lòt Mwayen Pou Konbat Diskriminasyon:

- Si li pa kont lòd Jij Lwa Administratif la, HUD kapab mande yon mezi tanporè, pou mete an aplikasyon lòd oswa lòd restriktiv la nan yon Tribinal Apèl Ameriken.
- Pwokirè Jeneral la kapab depoze yon plent nan Tribinal Distri Federal la si genyen yon bon rezon pou kwè moun nan ap fè diskriminasyon nan lojman.



Nòt

LOJMAN JIS Tout Moun Gen Menm Opòtinite



LOJMAN JIS Tout Moun Gen Menm Opòtinite

Nòt



Nòt

LOJMAN JIS Tout Moun Gen Menm Opòtinite



Nòt

LOJMAN JIS Tout Moun Gen Menm Opòtinite


Pou Plis Enfòmasyon

Rezon nou kreye feyè sa a se pou ba ou yon rezime sou dwa ou pou jwenn kay menm jan ak tout moun. Regleman Lwa Lojman Jis la ak HUD gen plis detay ak enfòmasyon teknik ladan. Si ou bezwen yon kopi lwa oswa regleman yo, kontakte Biwo Lojman Jis HUD ki pi pre ou a. Gade yon lis Biwo Lojman Jis HUD sou paj 7-70.



KONTAKTE HUD

Department of Housing and Urban Development
Room 5204
Washington, DC 20410-2000



02305

HUD-1686-1-FHEO
2011



Tanpri vizite sitwèb nou nan adrès: www.hud.gov/fairhousing